

Qui est docteur « Françoise ST VIL VILLIER », la présidente du KTPS ?

lescientifique.org/qui-est-docteure-francoise-st-vil-villier-la-presidente-du-ktps

LE SCIENTIFIQUE

28 octobre 2022



Depuis la conférence de presse du Sénateur **Jean Charles Moïse** en date du 27 octobre 2022, de nombreux citoyens haïtiens, opposants comme partisans, sont à la recherche des informations personnelles autour de Madame **Françoise ST VIL VILLIER** (Ph.D) qui remplace la docteur **Eugenia ROMAIN** (Ph.D). Préalablement, **Le Scientifique** tient à relater que Madame Françoise fraîchement désignée dans le **KTPS** (Konsèy Tranzisyon Pèp Souvren) comme Madame Romain détiennent chacune d'elles d'un doctorat dans des domaines scientifiques. Car, si plusieurs recherches scientifiques montrent qu'Haïti fait face à des problèmes multidimensionnels liés au faible niveau de compétences et au manque d'éthique dans l'administration publique haïtienne, le **KTPS** semble miser sur les compétences scientifiques pour résoudre la crise actuelle d'Haïti. Depuis la crise sociopolitique et économique que connaît le pays, un Conseil de transition dénommée **KTPS** est mis en œuvre et sera dirigé par madame **Françoise ST VIL VILLIER**, détentrice d'un doctorat. Rappelons que Madame Françoise a perdu un enfant de 12 ans suite à un kidnapping, lequel enfant a été retrouvé assassiné sur des ordures. Madame Françoise sera-t-elle capable de freiner le kidnapping et l'insécurité par rapport à son vécu ? En conséquence, qui est exactement docteur « Françoise St Vil Villier », la présidente du KTPS ? Avec quels membres devrait-elle collaborer dans le KTPS ? Quelle est la mission de la présidente du KTPS ?

Qui est exactement docteur « Françoise St Vil Villier », la présidente du KTPS ?

Madame Françoise ST VII VILLIER est née le 23 mars 1963 à Roseau dans le département de Grand'Anse. Elle est de nationalité haïtienne et peut s'exprimer en Créole, Français et Anglais. Aussi, madame Françoise est mariée. Madame Françoise ST VIL VILLIERT est très motivée dans l'administration. Elle est une professionnelle travaillant avec détermination. Elle est créative et possède une éthique de travail solide et une attitude positive. Elle aime diriger des équipes et travaille avec les autres pour atteindre un objectif commun. En termes de cheminements professionnels, docteur **Françoise ST VIL VILLIER** était et est :

Présidente Directrice Générale du CONASPEH (Conseil National Spirituel des Eglises d'Haiti) ;Doyenne du STA (Séminaire Théologique d'André) ;Fondatrice de DRF (Demetress Rudward Foundation) ;Première Conseillère de la Fondation Yarbrough Conseil National Spirituel des Eglises D'Haiti (CONASPEH) ;Représentante des Femmes auprès du Conseil National Spirituel des Eglises d'Haiti (CONASPEH) ;Directrice du Collège Saint André (CSA) 1998 à Date ; Pasteur assermenté le 20 Novembre 2004.

En termes de formations universitaires et professionnelles, docteur **Françoise ST VIL VILLIER** a ce parcours :

Doctorat en Divinité (Juin 2014) à DAYS PRING CHRISTIAN UNIVERSITY ;Creation et Développement des Petites et Moyennes Entreprises (PME) Université Montesquieu de Bordeaux, France (25 Septembre 1998) ;Sciences de la Gestion (1994-1998) à UNIQUA ;Études en Sciences Juridiques à École de Droit et des Sciences Economiques des Gonaïves (2014-2017) ;Connaissances en Anglais (2014-2016) à Institut Haitiano ;Diplômée en Théologie à Porto Rico (12 Mai 1990) à Seminaria Theologica Nazarera ;Langue Française DALF (29 Juillet 2004) à Ministère de l'Éducation National de France.

Quel est le mandat du « Conseil de Transition de la Souveraineté Populaire » ?

D'après la feuille de route énoncée par le porte étendard de cette initiative, Jean Charles Moïse, le mandat du « **Conseil de Transition de la Souveraineté Populaire** » est de :

nommer un Premier Ministre et les ministres conformément à la législation haïtienne ;

compléter rapidement les membres de la cour de cassation ;

Nommer les 9 membres du Conseil Électoral Provisoire (CEP) en vue de l'organisation des élections générales ;

Stabiliser et sécuriser le pays ;

Améliorer les conditions socioéconomiques des habitants du pays;

rétracter les mesures portant sur les frais de transferts internationaux (\$1,50 US) ;

rétracter les mesures portant sur la non subvention des produits pétroliers ;

augmenter la valeur de la monnaie haïtienne (Gourde) par rapport au dollar américain ;

prendre des mesures pour la remise des transferts internationaux en dollars au lieu de la Gourde.

Quelle est la durée du mandat du « Conseil de Transition de la Souveraineté Populaire » ?

La durée du mandat du « **Conseil de Transition de la Souveraineté Populaire** » est douze (12) mois à partir de la date du début de leur fonction.

Avec quels membres Docteur Françoise St Vil Villier devrait collaborer dans le KTPS ?

Dans le cadre du KTPS, docteur **Françoise ST VIL VILLIER** sera la présidente du KTPS et devrait collaborer avec huit (8) autres membres faisant partie du KTPS, lesquels membres sont :

Edgard LEBLANC, Vice-président ;

Jacques Céus JOSEPH ;

Val Jean ELIE ;

Netlande PIERRE DERIUS ;

Péguy JEAN ;

Jerry MONCOEUR ;

Jean Renald Nau LÉONARD ;

Jérémie DUPONT.

Retranscription de la feuille de route du KTPS

KONSÈY TRANZISYON PÈP SOUVREN (KTPS) Pou yon altènans demokratik.

PWOPOZISYON: Òganizasyon popilè, sosyete sivil, pati politik.

A LA PAPÒT

Kriz ki enstale nan peyi Dayiti depi plizyè lane, atenn jounen jodi a, yon pwopòsyon ki kreye anpil kè sote kay tout Ayisyen patriyòt. Nou rive nan yon kafou, kote tout pitit tè a dwe fè yon gwo sakrifis pou sove nasyon an.

Tout moun konnen, se sistèm nan ki lage peyi a nan twou ;

Tout moun konnen, se sistèm nan pou n atake pou ayiti ka libere ;

Tout moun konnen, san yon tèt ansanm nou p ap fouti libere Ayiti ;

Tout moun konnen, se mas popilè yo ki plis viktim sistèm peze souse a ...

Se pou tout rezon sa yo, nou te fè chwa chita ak viktim sistèm nan (sila yo ki gen plis pase 2 syèk ap souffri anba men kolon nwa ak kolon blan), pou nou te akouche pwopozisyon sila a ki rele : **KONSÈY TRANZISYON PÈP SOUVREN (KTPS)**.

Nou sonnen lanbi rasanbleman an pou tout òganizasyon popilè, pati politik, sosyete sivil, sendika, peyizan, ouvriye, plantè, chofè moto, ti machann, madan sara.

SAK SANBLE RASANBLE...

Diaspora kou ayisyen lakay, gen obligasyon pou apiye inisyativ mas popilè yo; pou evite kokenn chenn malè pandye sa a, ki se: okipasyon peyi dayiti.

Okenn sakrifis pa twò gran pou evite yon dezonè parèy.

JISTIFIKASYON

Kan nou sonje malè, imilyasyon ak maladi fòs militè ONU lage nan peyi nou Kan nou pran konsyans ke se goumen pou pouvwa ak monopòl ki lage peyi a nan ensekirite malouk sa a Kan nou dakò se antant ki pa genyen ant diferan sektè nan sosyete a ki agrave sityasyon peyi a, jis etranje vin mele Kan nou konsyan ke kriz politik, ekonomik ak sosyal san parèy sa a afekte pi plis, sila ki pi pòv yo e fè yo vin pi pòv Nou, esklav revòlte 22 dawout 2022, nou deklare :

DEKLARASYON

Nou, ansanm òganizasyon popilè, sitwayen angaje, sendika, sosyete sivil, pati politik ki te sou beton an pou reponn a apèl soulèvman jeneral 22 dawout 2022 a – Nou deklare : *Pa gen lòt solisyon pou soti nan kriz la ke yon antant nasyonal ant Ayisyen lakay ak nan diaspora a. Yon antant ki pral debouche sou yon: GOUVÈNMAN ANTANT NASYONAL.*

Se pou sa, Konsèy Tranzisyon Pèp Souvren (KTPS) ap gen pou manda, pou al chita pale ak tout strikti politik ki deja regwoupe yo, ak tyè sena a, pou jwenn yon “modus operandi” pou monte ansanm, yon gouvènman, k ap pran an kont revandikasyon moun k ap manifeste yo. Gouvènman antant nasyonal sa a, se respè nou devan le mond antye, se pi gwo prèv dwa grandèt nou ak kapasite n pou n mennen bak peyi nou.

KONSTA

Tout strikti nan Leta efondre ;

Peyi a bloke ;

Ekonomi an sou la graba ;

Popilasyon an ozabwa ;

Ensekirite ap fè ravaj ;

Enflasyon ap galope ;

La mizè blayi nan tout kouch sosyete a ;

La famin ap frape nan pòt nou ;

Lekòl paka louvri, lopital fèmen ;

Peyizan ak madan sara paka rive la vil ; pou ekoule rekòt ak machandiz yo ;

“Tout sa se akòz yon sèl endividi, ki pran an otaj 11 milyon moun”.

DESIZYON

Lè n konsidere soulèvman jeneral 22 dawout 2022 a, ki te deklannche nan vil Okap, ki vin gaye nan 4 kwen peyi a kont :

Ensekirite,

Lavi chè,

Rate ak ogmantasyon gaz,

Ogmantasyon to dola a,

Prelèvman \$1.50 sou transfè dyaspora e pa remèt lajan transfè yo an dola.

Lè n konsidere kantite moun nan tout depatman yo ak òganizasyon popilè, militan, jenès, inivèsité, sendika, ouvriye, ki reponn a lapèl e ki toujou sou beton an ;

Lè n konsidere echèk gouvènman Ariel Henri a nan tout strikti Leta a ;

Lè n konsidere fason PM Ariel Henri kraze strikti Leta, nan ekzije Bank Santral finansè defisi bidjetè; alòs ke li pa janm konstwi yon lekòl, yon lopital, yon wout ;

Lè n konsidere dap piyanp PM Ariel Henri fè sou lajan 100 depite ak 100 senatè yo, pou finansè polis atache, ki tounen eskadron lanmò, k ap tire sou manifestan yo, jenès la, fanm yo, militan yo ;

Lè n konsidere represyon PM Ariel Henri ap fè sou yon pèp k ap manifeste 2 bwa pandye ;

Lè n konsidere mepri PM Ariel Henri pou revandikasyon mas yo ;

Lè n konsidere dega PM Ariel Henri fè, lè l vasalize enstitisyon polis la, nan kreye yon gwoup atache, ak inifòm polis, k ap tiye manifestan ak zam fann fwa, ak gaz lakrimojèn ki itilize nan la gè ;

Lè n konsidere desizyon ilegal, ireflechi, iresponsable, danjere PM Ariel Henri pran pou li mande prezans fòs militè sou tè Libète a, olye li demisyone ;

Lè n konsidere kouman PM Ariel Henri sakrifye avni timoun yo, jèn yo, nan anpeche yo benefisye pen lenstriksyon ;

Lè n konsidere move tretman konpatriyòt nou yo ap sibi St Domeng, move lavi ki trennen jenn fi yo nan pwostitisyon ;

Lè n konsidere jèn yo, fòs viv peyi a ki oblije pati al chèche lavi miyò nan peyi Meksik, Brezil, Chili, Tiki, alòske yo ka itil lakay ;

Lè n konsidere nan eta peyi a bloke, komès, lekòl, lopital, paka fonksyone;

Lè n konsidere enpak ogmantasyon gaz la sou pwodwi premye neseseite yo ;

Lè n konsidere enpak blokaj depatman yo, sou madan sara, peyizan ki pèdi rekòt ak machandiz yo ;

Lè n konsidere jan ogmantasyon gaz la pral lage plis mizè sou popilasyon an k ap viv a mwens 50 goud/jou ;

Lè n konsidere gaz ki bloke “varreux”, san pèsonn pa konnen kilè l ap debloke ;

Lè n konsidere danje pwodwi petwolye yo reprezante pou popilasyon an, nan fason yo stoke, ap vann nan lari a ;

Lè n konsidere ke yon solisyon dwe jwenn prese prese pou lafen pa atake mas yo, pou lopital yo ka alimante an gaz, pou lekòl yo ka louvri, pou kòmès ant depatman yo ka reprann, pou la vi ka boujonnen ;

Lè n konsidere ke li se yon neseseite pou kriz la regle ant ayisyen ;

Lè n konsidere neseseite pou gen yon akò nasyonal ki regwoupe ansanm akò yo ;

Lè n konsidere, akò nasyonal la se pi gwo prèv nou pral bay le mond antye sou kapasite nou kòm pèp pou n jere peyi nou Nou, ansanm òganizasyon popilè, sitwayen angaje, sosyete sivil, pati politik, ki te reponn a apèl soulèvman jeneral 22 dawout 2022 a, nou adopte rezolisyon sila a pou pwoteje souvènte peyi nou ak byennèt popilasyon an, sitou klas defavorize a.

REZOLISYON

Prezante bay nasyon an konsèy ki pote non: Konsèy Tranzisyon Pèp Souvren (KTPS), ki gen 9 manm.

Konsèy tranzisyon an monte pou ranplase Ariel Henri 3 jou aprè depa li sou pouvwa a.

Pou respekte prensip “kontinwite Leta”, minis kilti ak komunikasyon ansyen gouvènman an ap jwe wòl PM (ai), pandan 3 jou, jiska enstalasyon nouvo gouvènman an. Men nan okenn ka, ansyen manm gouvènman an paka fè pati nouvo gouvènman an; menm jan tou, oken manm nouvo gouvènman an p ap ka kandida nan pwochen eleksyon yo.

(9) manm konsèy la ap soti pami reprezantan strikti sa yo : Depatman peyi a, sektè dwa moun Inivèsite, la jenès, la près, dyaspora, òganizasyon popilè.

Reprezantan / Repatisyon,

Lwès,

Gran Nò,

Gran Sid / Rejyon “palmes” (Leogan, Ti-Gwav, Gran Gwav, La Gonav),

Latibonit / Plato Santral,

Inivèsite / Jenès,

La Près,

Dyaspora,

Sektè Dwa Zimen,

Sektè Popilè.

Pwofil 9 manm yo :

Istoryen, Ekonomis, Sosyològ, Agwonòm, Spesialis nan syans devlopman, Spesyalis nan finans piblik, Dwayen, Rektè, Pwofesè Konsèy tranzisyon an ap gen kòm gid, yon fèy de wout ki rasanble ansanm aksyon ke l gen pou antreprann

FÈY DE WOUT KONSÈY TRANZISYON Fèy de wout sila a prepare pou pèmèt konsèy la atenn objektif li e ranpli misyon li ak sipò gouvènman antant nasyonal la.

PREZENTASYON MANM KONSÈY TRANZISYON

- Dr Françoise St Villier, Prezidan Konsèy la Rep. Lwès ;
- Edgard LEBLANC – Vis Prezidan Konsèy la Rep. Sektè Politik ;
- Jacques Céus JOSEPH – Manm Rep. Gran Nò ;
- Val JEAN ELIE – Manm Rep. Gran Sid ;

- Netlande PIERRE DERIUS – Manm Rep. Latibonit / Plato Santral ;
- Péguy JEAN – Manm Rep. Laprès ;
- Jerry MONCOEUR – Manm Rep. Dyaspora ;
- Jean Renald Nau LÉONARD – Manm Rep. Ouvriye / Sendika Peyizan ;
- Jérémie DUPONT – Manm Rep. Katye Popilè.

MISYON Prensipal misyon konsèy 9 manm nan se tabli yon klima sekirite nan tout peyi a, pou mennen nou nan yon eleksyon lib, onèt, demokratik.

MANDA Konsèy tranzisyon an gen manda pou negosye ak tout gwoup politik ki deja prezante yon pwopozisyon, pou yo ka rive ansanm a yon akò nasyonal, ki dwe debouche sou yon gouvènman antant nasyonal, ke y ap prezante bay nasyon an.

DIRE Manda a gen yon dire 1 lane. L ap kòmanse dat enstalasyon gouvènman an Delè pou aktè siyatè yo prezante gouvènman antant nasyonal la bay nasyon an, se 15 jou aprè premye rankont yo.

FRÈ 9 Manm konsèy tranzisyon an pa gen salè. Yo gen yon frè fonksyonman.

BIWOManm konsèy la ap syeje nan palè nasyonal. Prezidan an ak 8 manm yo ap dispoze de tout enstalasyon, materyèl, ekipman disponib, ke yo gen dwa.

ATRIBISYON

- Monte ak aktè siyatè yo, yon gouvènman antant nasyonal ki gen pou pi plis 2 manm ki pral gen kòm prinsipal objektif: reponn a revandikasyon manifestan yo: Retounen sou ansyen pri gaz la ;
- Desann to dola (BRH) Pou BRH jwe wòl regilatè nan entegralite I ;
- Anile montan \$1.50 sou transfè ;
- Remèt lajan transfè yo an dola ;
- Mete kanpe nan 30 premye jou yo, yon strikti apezman sosyal, nan tout peyi a ;
- Travay ak gouvènman antant nasyonal la pou kanpe ak aplike, yon “plan sekirite nasyonal” pou konbat ensekirite a, kondisyon endispansab pou yon bon eleksyon ;
- Akonpaye gouvènman antant nasyonal la nan mete kanpe yon pwogram apezman sosyal nan tout peyi a, nan 30 premye jou yo, yon pwogram pou dedomaje klas mwayèn nan ki viktim, pandan mouvman manifestasyon yo, yon pwogram pou akonpaye viktim tranbleman tèt 14 dawout la, nan Sid peyi a, yon pwogram pou akonpaye paran pou ouvèti lekòl la, yon plan ogmantasyon saleryal pou ti anplwaye Leta yo an fonksyon ogmantasyon kou la vi a ;
- Retabli ak sipò gouvènman antant nasyonal la, fòs ak otorite Leta ;
- Repare ak sipò nouvo gouvènman an, tout strikti ki pou pèmèt peyi a rive nan eleksyon (Kat elektoral, Konsèy elektoral pwovizwa, Kou Kasasyon (rekanpe)) ;
- Òganize eleksyon lib, onèt, demokratik pou renouvle pèsònèl politik la, pou bay peyi a otorite lejitim, konstitisyonèl pou adrese pwoblèm fondamental yo: jistis sosyal, diyite, integrite, souvènte nasyonal

SIPÒ Anpil moun ki kwè nan gouvènman antant nasyonal la, ap chèche sipò peyi zanmi pou: Ede konsèy ak gouvènman tranzisyon an jwenn gaz a bon pri, pou soulaje mizè pèp la Chèche finansman bò kote peyi zanmi Ayiti pou dedomaje klas mwayèn nan ki viktim pandan peryòd mobilizasyon yo Ede viktim tranbleman tè 14 dawout 2021 an, nan Sid peyi a Fèt Pòtoprens, 17 oktòb 2022 Pou otantifikasyon Jean Charles MOISE Pati Politik Pitit Dessalines (PPPD)

Eritan DUMARSAIS NIF: 006-660-053-7 Gran Nò (Nò, Nòdès, Nòdwès)

John Stevens SAEL NIF: 004-528-667-7 Òganizasyon Gran Sid Ak rejyon “Palmes”

Jean Rony LIMA NIF: 004-996-499-0 Latibonit / Plato Santral MODELA

Rodney SALOMON NIF: 006-109-303-0 RESOH

Posy LAPOINTE Federasyon Ensèyman Ayisyen Pou Emèjans Edikasyon Sekretè Jeneral

Joanel PAUL Rasanbleman Fòs Popilè Ex Prizonye Politik Regwoupman Sendika Ouvriye Ayisyen.

AUTEUR | AUTRICE



Marc-Donald VINCENT

Marc-Donald Vincent est spécialiste en gestion de projets. Il travaille dans les champs de compétences suivants : agronomie, planification urbaine, gestion territoriale, gestion de projets, logistique, administration des aires protégées et du patrimoine mondial de l’humanité, évaluation environnementale des projets et programmes, opérations électorales. Il a obtenu un baccalauréat en sciences agricoles à l’Université Chrétienne du Nord d’Haïti (UCNH) en 2016, un diplôme d’études supérieures spécialisées (DESS) et une maîtrise en gestion de projets à l’Institut des Sciences, des Technologies et des Études Avancées d’Haïti (ISTEAH) en 2021. Pour l’instant, il poursuit sa recherche doctorale en sciences de la gestion à l’Institut des Sciences, des Technologies et des Études Avancées d’Haïti (ISTEAH). Marc-Donald Vincent décrochait son premier travail à la Municipalité de Milot en 2013 à titre de Chef de service d’urbanisme & d’aménagement puis comme Directeur du territoire en 2020. Il travaille en passe-temps comme superviseur électoral principal de Milot de 2015 à 2017. En Mars 2020, il fournit ses services à l’Autorité de Gestion du Parc National Historique Citadelle, Sans-Souci,

Ramiers (AGP) comme Responsable logistique du seul Patrimoine historique matériel haïtien reconnu par l'UNESCO. En 2018 et 2019, il enseignait les statistiques descriptives au niveau professionnel. Par ailleurs, il est également rédacteur en chef & fondateur de Le Scientifique, une revue de presse en ligne depuis 2017. Aussi, Marc-Donald Vincent est fondateur de l'Association Éco-citoyenneté d'Haïti (AEC-HAÏTI), une association à but non lucratif travaillant dans la promotion et la défense des droits environnementaux des citoyens y compris la valorisation des écogestes et des principes de protection de l'environnement. En termes de distinction, il reçoit un certificat de finaliste de Ten Outstanding Young Persons (TOYP) pour Haïti en 2017 par Jeune Chambre Internationale Haïti (JCI Haïti).

LE SCIENTIFIQUE comme son nom l'indique est une revue de presse scientifique dont sa mission principale est de servir les communautés mondiales en quête de savoir et d'informations, c'est-à-dire du savoir scientifique et socioprofessionnel pour comprendre l'évolution de l'humanité, interpréter les phénomènes qui se développent dans leur environnement dans un esprit scientifique. En d'autres termes, la revue publie des articles scientifiques, professionnels et populaires selon les principes déontologiques, les normes méthodologiques APA. La revue LE SCIENTIFIQUE est diffusée au format électronique grâce aux nouvelles technologies de l'information et de la communication (NTIC). Elle s'adresse aux lecteurs et aux internautes du monde entier et propose deux articles au moins par semaine autour des questions scientifiques, professionnelles et populaires. La revue est publiée sur le web et également diffusable par email.

Email : info@lescientifique.org

Téléphone : +(509) 4630 7623